**ДЕМОНСТРАЦИОННЫЕ ЗАДАНИЯ ЗАКЛЮЧИТЕЛЬНОГО ЭТАПА**
**Северо-Восточной олимпиады школьников**
**по родным языкам (профиль – «Родной (кабардино-черкесский) язык и литература»)**

**8-9 КЛАССЫ**

**Задание 1.** *Щапхъэ гуп къэс зэуIу зыщI псалъэр къэгъуэт. ЩыIэцIэу, закъуэ бжыгъэм иту щытын хуейщ.*

Найдите слова для общего наименования нижеприведенных существительных. Приведите собирательные существительные в форме единственного числа.

*Щапхъэ:*
*Пхъы, жэгундэ, бжьын* – хадэхэкI.
1.1. *Мэл, жэм, бжэн – … .*
1.2. *Адэ, анэ, къуэ – ... .*
1.3. *Бажэ, мыщэ, щыхь – … .*
1.4. *Адэ къуэш, адэ шыпхъу, адэ къуэшым и къуэ – … .*

**Максимальный балл – 4.**

| |
|---|
| ***Бемырзэ М. и «Адыгэбзэ» усэм фыкъеджэ. Мы усэмкIэ 2–5-нэ лэжьыгъэхэр вгъэзащIэ.*** **Прочитайте стихотворение М. Бемурзова «Родной язык». Выполните задания 2-5 по тексту данного стихотворения.** |

**Бемырзэ М. Адыгэбзэ**

*Си гъатхэ дыгъэ къуэмыхьэж,*
*Си гукъыдэж, си гурыфIыгъуэ,*
*Дунейр уэрыншэм ныбгъуэхьэшт,*
*УзиIэу зыми семыфыгъуэ.*
*УзиIэу зыми семыиж —*
*АбыкIи, си бзэ, уэрщ си щапхъэр:*
*Сэ уи беягъкIи сыбеижщ.*
*Адрейхэр сщIэнуи сыхуопабгъэр.*
*Уэрыншэм гъащIэр шхын мышут,*
*И IэфIи фIэIуи зыхэзмыщIэу,*
*Мо дыгъэ къепсыр щхьэкIуэ шут,*
*Абдж къызэрыкIуэт вагъуэ мыщIэр.*
*ЖызыIэ щыIэщ псалъэгъэху*

*Уэ къэбгъэщIэнур къэбгъэщIауэ,*
*И псалъэ кIапсэр зэрихьэху*
*УфIэмыIуэхуу, къопэбжьауэу.*
*Сэ зы дакъикъи семыдэIу*
*Абы я псалъэ мыжьэ-мывэм —*
*Къуршыпс ежэхыр хуэщIкъым дэгу*
*Абы зыгуэрым хидза мывэм.*
*Псыр тожри, мывэхэр къонэж,*
*Гъуэгу зэрытехьэрэ и псыпэр,*
*ЗэринэкIар абы гъунэжщ*
*Мывэ пкIэлъейрэ щхьэдэхыпIэу.*
*Си адыгэбзэ, уэ улъэщщ,*
*Зи зэманыгъуэу угурыхуэщ,*
*ЩIыхугу дэтхэнэри къотIэщI,*
*Уэ ущагъабзэкIэ Iэрыхуэу.*
*Зэм, си бзэ, уохъури уэ жьгъыру,*
*Адыгэ пшынэу, уобзэрабзэ,*
*Зэм, къызыкъуохри уи къарур,*
*ХеящIэ джатэу ар уогъабзэ.*
*Анэ быдзышэу, уэ уIэфIщ,*
*УщыщхьэщыскIэ сабий гущэм,*
*Гухэлъ уэрэди жыбоIэф,*
*ЗэригъэдзэкIыу пщащэ гущIэр.*
*Уэ, уафIэжьгъейми къэбгъэщIащ*
*Зэрыдунейуэ зэджэ «Нартхэр»,*
*Гъэ минхэр, си бзэ, уэ бгъэщIащ,*
*Иджыри мащIэкъым уи натIэр…*
*Си лъэпкъым щIэблэ къыщIэхъуам*
*Насып вагъуэбэу ужьэхэпсэу,*
*Я нэхъ тхьэмыщкIэ ар щыхъуам*
*УреIэ уэ, си адыгэбзэ!*

**Задание 2.** *Пычыгъуэ къэхьам япэу узрихьэлIэ щыIэцIэу тIу къыхэтхыкI, абыхэм яужь екъуа гъэуви, дэтхэнэ зыри зэрыт падежыр пытхэ, склоненэр щIыгъуу. ПадежыцIэхэри склоненэри умыгъэкIэщI.*

Выпишите из приведённого фрагмента поэтического текста два первых имени существительных и напишите после тире их падежи склонение в порядке следования в тексте с полным именованием падежа и склонения.

*Си гъатхэ дыгъэ къуэмыхьэж,*
*Си гукъыдэж, си гурыфIыгъуэ,*
*Дунейр уэрыншэм ныбгъуэхьэшт,*
*УзиIэу зыми семыфыгъуэ.*

**Максимальный балл – 3.**

**Задание 3.** *Япэ строфам сказуемагъ псалъэм езыт суффикс зыпыува щапхъэхэр гупитӀу зэхэтхыкӀ. Сыт гупитӀ зыщӀар? Сыт хуэдэ псалъэ лъэпкъыгъуэхэм щыщми, япытхэ.*

Какие слова из первой строфы стихотворения выполняют роль сказуемого. Сгруппируйте и объясните принцип. К каким частям речи относятся эти слова?

*Си гъатхэ дыгъэ къуэмыхьэж,*
*Си гукъыдэж, си гурыфӀыгъуэ,*
*Дунейр уэрыншэм ныбгъуэхьэшт,*
*УзиӀэу зыми семыфыгъуэ.*
*УзиӀэу зыми семыиж —*
*АбыкӀи, си бзэ, уэрщ си щапхъэр:*
*Сэ уи беягъкӀи сыбеижщ.*
*Адрейхэр сщӀэнуи сыхуопабгъэр.*
*Уэрыншэм гъащӀэр шхын мышут,*
*И ӀэфӀи фӀэӀуи зыхэзмыщӀэу,*
*Мо дыгъэ къепсыр щхьэкӀуэ шут,*
*Абдж къызэрыкӀуэт вагъуэ мыщӀэр.*
*ЖызыӀэ щыӀэщ псалъэгъэху*
*Уэ къэбгъэщӀэнур къэбгъэщӀауэ,*
*И псалъэ кӀапсэр зэрихъэху*
*УфӀэмыӀуэхуу, къопэбжьауэу.*

**Максимальный балл – 6.**

**Задание 4.** *Сыт хуэдэ художественнэ-изобразительнэ Ӏэмалхэр мы къэкӀуэну пычыгъуэхэм къыщигъэсэбэпа Бемырзэ Мухьэдин? Абыхэм я фӀэщыгъэцӀэхэр тире дэвгъэуви фтхы, щапхъэм ещхьу:* «… дунейм и *къуагъхэм дыкъуоплъыхь» – метафорэ.*

Какие художественно-изобразительные средства использовал М. Бемурзов в приведенных фрагментах? Напишите их название через тире по образцу: *«... тёплым, ясным утром!» – эпитет.*

3.1. «Уэрыншэм гъащӀэр шхын мышут …» – …

3.2. «Зэм, си бзэ, уохъури уэ жьгъыру,
Адыгэ пшынэу, уобзэрабзэ» – …

3.3. «Си гъатхэ дыгъэ къуэмыхьэж» – …

**Максимальный балл – 3.**

**Задание 5.** *Пычыгъуэм грамматикэ лъабжьэ хэтыр (хэтхэр) къэгъуэт. Япэ пычыгъуэм (1) подлежащэмрэ дополненэмрэ къэгъэлъагъуэ (псалъэр тхыи, ар сытми пытхэж). Япэ псалъэухамрэ етIуанэмрэ я кум екъуа щIыдэтыр тхы. «Зыгуэрым» псалъэр къыхэтхыкI, абы и пэщIэдзэ формэр, зыщыщ псалъэ лъэпкъыгъуэр, разрядкIэ зыхиубыдэр пытхэ.*

Найдите грамматическую основу отрывка. В первой части указать подлежащее и дополнение (выписать слова и через тире указать). Объясните наличие тире между первой и второй частью отрывка. Укажите начальную форму слова «Зыгуэрым (кто-то)», к какой части речи и к какому рязряду относится.

*(1) Сэ зы дакъикъи семыдэIу*
*Абы я псалъэ мыжьэ-мывэм —*
*(2) Къуршыпс ежэхыр хуэщIкъым дэгу*
*Абы зыгуэрым хидза мывэм.*

**Максимальный балл – 10.**

***ЩоджэнцIыкIу Алий и «Кхъужьей щIагъым» рассказым щыщ Iыхьэм фыкъеджэ. Мы пычыгъуэмкIэ 6–7 лэжьыгъэхэр вгъэзащIэ.***
**Прочитайте отрывок из рассказа А.А. Шогенцукова «Под старой грушей». Выполните задания 6-7 по тексту этого отрывка.**

*Дыгъэр пэзазэу уэгум къиувакIэт. Бгы лъапэ щхъуантIэм деж щащIагъащIэ, этажищу зэтет, еджапIэм телъ къэнжал хужьым нэр тепщIыпщIэрти, узригъэплъыртэкъым. Абы и пщIантIэшхуэм кIуэцIрыкI гъуэгу цIыкIум егъэкIэкIа удз дахэхэм къащIиху епэрымэ зэхуэмыдэхэр акъужь хуэмым къулейуэ къыпIуригъауэрт. Лъагъуэм и гупэкIэ Iущащэу блэж псы кIантIэ цIыкIум Iут кхъужьей иным и щIагъ удзыпцIэм зы лIыжь гъур кIыхь гуэр, мащIэу дзапэ уэрэд щыжиIэу, щIэст. Махуэм зызыгъэпсэху щIалэгъуалэр клуб пщIантIэм футбол щыджэгурт.*

*Сэ сызэплъыр а щIалэхэр футбол зэрыджэгур артэкъым, лIыжьым и нэкIур зэ нэщхъыфIэ, зэ нэщхъей хъуурэ зэрызрихъуэкIыр арт. ДауикI, а лIыжьым и дзапэ уэрэдыр нобэ зыхуигъэшыр и зэман фIэкIахэм зэрыхуэшхыдэжыр арт, ауэ ар апхуэдэу гупсысэм иджыпсту хэзышэу нэщхъыфIагъэмрэ нэщхъеягъуэмрэ къытезыгъэхьэр сщIэртэкъым. Сэ абы щIагъуэу сыпэмыжыжьэу, щIалэхэр зэрыджэгум сеплъ хуэдэу, псы Iуфэм сыIуст. И уэрэдыр зэхэсхыным, седэIуэным сыщIэхъуэпсырти, зэпезмыгъэгъэун щхьэкIэ, сыбгъэдыхьэртэкъым.*

*Лlыжьым и баш плъыжь гъумыщlэ джафэр и куэщlым щытригъауэу уэрэд жиlэр нэхъ щlигъэхуэбжьащ, щlалэхэри джэгуным нэхъри дихьэхащ.*

**Задание 6.** *Текстым щыщ зы псалъэуха зэдзэкlауэ къэтхьащ. Ар сыт хуэдэ псалъэухарами къэгъуэт –* ***Лъэсыр щызекlуэм и мыщlыбагъыу lэуэлъауэу щыт пlэl-пlэl лъэдий гъумышхуэм гуэт чыцэ цlыкlум и щхьэкlэм зы щlалэ пшэр цlыкlу гуэр зиущэхуауэ тест****.*

*Подлежащэмрэ сказуемэмрэ къэгъэлъагъуэ. Плъыфэцlэ хэтхэр къыхэгъэщ.*

Дешифруйте предложение и по тексту найдите оригинал. Найдите по оригиналу подлежащее и сказуемое. Найдите прилагательные в предложении.

**Максимальный балл – 3.**

**Задание 7.** ***Гурыфlыгъуэ, щlигъэхуэбжьащ*** *псалъэхэр зэрызэхэт lыхьэкlэ зэпкърых. Суффикс къыхэбгъэщахэм хуэдэ хэту щапхъэ зырыз тхы.*

Разберите по составу слова из вышеприведенного текста: *нэщхъыфlагъэ, щlигъэхуэбжьащ*. Приведите два примера слов с таким(-и) же суффиксом(-ами), что и в словах *нэщхъыфlагъэ, щlигъэхуэбжьащ.*

**Максимальный балл – 5.**

**Задание 8.** ***Егъэкlэкlа, кхъужьей*** *псалъэхэм макърэ хьэрфу хэтыр къэгъэлъагъуэ. Макъхэмрэ хьэрфхэмрэ я бжыгъэр зэтемыхуэмэ, и щхьэусыгъуэр тхы.*

Определите количество букв и звуков в словах *родные, края, доживать* из первого предложения выше приведенного текста. В случае наличия буквенно звукового расхождения объясните причину.

**Максимальный балл – 6.**

**Задание 9.** *Урысыбзэ текстыр адыгэбзэкlэ зэдзэкl. Псалъэухахэм я купщlэр умыгъэкlуэд.*

Переведите текст с русского языка на родной! Обратите особое внимание на адекватность передачи содержания и правильность выбора формы выражения мысли в каждом переведенном предложении.

## КОШКА И МЫШКА

*В одном селе, на самой окраине, стоял небольшой домик. В нем жили старик со старухой, кошка Мурка и мышка Пика. Мышка с кошкой жили*

*дружно и весело, всегда помогали друг другу. Иногда хозяйка забывала покормить Мурку, тогда Пика приносила подруге сухарик или кусочек сыра. Когда у Пики заканчивалась еда, Мурка ее тоже выручала. Она ходила вокруг хозяйки, пока та варила. Хозяйка вначале ругалась, а потом угощала любимицу. А кошка сама не ела, мышке еду относила. Так они и жили, пока в один весенний день не случилось несчастье. Мурка гуляла на улице и съела видимо, что-то не то. Вечером ей стало очень плохо. Она лежала на полу и сильно мяукала. Когда мышка попыталась дотронуться до живота подруги, чтобы пожалеть, та зашипела и выпустила когти. Пика направилась в лес, где взяла у дальней родственницы, старой и мудрой мыши, траву и дала ее кошке. Утром Мурка выздоровела и подруги еще больше сблизились.*

**Максимальный балл – 30.**

**Задание 10.** *Прозэу тхауэ узэджа тхыгъэ гуэрым тепсэлъыхь. Уи лэжьыгъэр текст псоуэ зэпыщIауэ щытын хуейщ, и инагъкIэ псалъи 150-200 хуэдиз хъууэ. Мы планым утемыкI.*

Выполните анализ прозаического произведения на родном языке по предложенному плану. Ваша работа должна представлять собой цельный, связный, завершённый текст.

Рекомендуемый объём – 150–200 слов.

1. *Тхыгъэр зытеухуамрэ и гупсысэ нэхъыщхьэмрэ, абы къыщыIэта Iуэхугъуэр (сыт авторым жиIэну зыхуеяр икIи ар дауэ къехъулIа?)*

Определите тему и идею данного произведения, проблемы, затронутые в нём (что хотел сказать автор и как ему удалось это сделать?).

2. *Тхыгъэм и сюжет пкъыгъуэхэр къэгъэлъагъуэ (экспозицэ, ублапIэ (завязка),* Iуэхум зезыгъэужь, *кульминацэ, ухыпIэр (развязкэ)).*

Определите основные элементы сюжетной линии рассказа (экспозиция, завязка, развитие действия, кульминация, развязка).

3. *Тхыгъэм къыхэщ образхэр гуэш (нэхъыщхьэхэр, зэзэмызэ фIэкI къыхэмыщхэр). Абыхэм характеристикэ ет: я хьэлкIэ, я зэхущытыкIэкIэ, щхьэхуэныгъэ ябгъэдэлъ елъытакIэ, я теплъэкIэ.*

Разделите образы персонажей рассказа (главные, второстепенные или эпизодические образы) и дайте им характеристику: характеры, взаимоотношения между персонажами, типичность или уникальность персонажей, своеобразие созданного образа человека: портрет (лицо, фигура, костюм).

4. *Сыт хуэдэ художественнэ Iэмалхэр къыщыгъэсэбэпа тхыгъэм? Сыт хуэдэ къалэнхэр абыхэм ягъэзащIэрэ?*

Какие художественные средства и приёмы создают особый эмоциональный фон рассказа? И какую функцию они выполняют в произведении?

5. *Узэджа тхыгъэр къызэрыпщыхъуар тхы (Сыт хуэдэ гурыгъу-гурыщIэхэр уи гущIэм къыщигъэуша? Сытхэм урагъэгупсыса?).*

Выразите свое эмоционально-оценочное отношение к прочитанному (Какие чувства и эмоции вызывает рассказ? О чем заставляет задуматься?).

**Максимальный балл – 30.**

## Система и критерии оценивания

| № задания | Правильные ответы | Критерии оценивания | Максимальное кол-во баллов |
|---|---|---|---|
| **Задание 1.** | *1.1. IЭЩ*<br>*1.2. УНАГЪУЭ*<br>*1.3. ХЬЭКIЭКХЪУЭКIЭ*<br>*1.4. БЛАГЪЭ (IЫХЬЛЫ)* | За нахождение правильного общего именования (родового понятия в виде собирательного существительного) для четырех видовых понятий дается **1 балл**. В случае нахождения неправильного общего наименования или отсутствия его в сданной работе учащийся получает 0 баллов. | **4 балла** |
| **Задание 2.** | *Дыгъэ* – именительнэ падеж, закъуэ бжыгъэ, мыбелджылы склоненэ; *Дунейр* – именительнэ падеж, закъуэ бжыгъэ, белджылы склоненэ. | **0,5 балла –** за правильно определенную часть речи (существительное);<br>**2,5 балла** – за верно определенные падеж и число, склонение. | **3 баллов** |

| | | | |
|---|---|---|---|
| **Задание 3.** | *1. Ныбгъуэхьэшт, мышут, шут* – суффикс *т*-м сказуемагъ яриташ; *Ныбгъуэхьэш* – щыIэцIэ, *мышу* – плъыфэцIэ, *шу* – щыIэцIэ; *2. Сыбеижщ* – суффикс *щ*-м сказуемагъ иритащ; *бей* – плъыфэцIэ. | **2 балла** – за правильно составленные группы; **2 балла** – за правильное определение суффиксов; **2 балла** – за правильное определение части речи. | **6 баллов** |
| **Задание 4.** | *3.1. «Уэрыншэм гъащIэр шхын мышут ...» – эпитет* *3.2. «Зэм, си бзэ, уохъури уэ жьгъыру, Адыгэ пшынэу, уобзэрабзэ» – зэгъэпщэныгъэ* *3.3. «Си гъатхэ дыгъэ къуэмыхьэж» – метафорэ* | **1 балл** – за каждое правильно указанное средство выразительности. | **3 балла** |
| **Задание 5.** | *Сэ семыдэIу* – япэ Iыхьэм и грамматическэ лъабжьэ; 2. *ХуэщIкъым дэгу мывэм* – етIуанэ Iыхьэм и грамматическэ лъабжьэ; 3. *Сэ* – япэ Iыхьэм и подлежащэ, *псалъэ* – дополненэ; 4. ПсалъэухаитIыр я купщIэкIэ зэрызэпэщIэувэм къишащ я кум екъуа дэтыныр. 5. *Зыгуэрым* – пэщIэдзэ формэр – *гуэр*; белджылыншагъэ цIэпапщIэщ, | **2 балла** – за правильное определение грамматической основы первой части отрывка. **2 балла** за правильное определение грамматической основы второй части отрывка. **1 балл** дается правильное определение подлежащего; **1 балл** – за правильное определение дополнения; **1 балл** – за верное объяснение тире между предложениями; **3 балла** (по 1 баллу) – за правильное определение начальной формы, верное нахождение части речи и разряда. Если называются все три варианта, сумма баллов увеличивается до 3 баллов. | **10 баллов** |

| | | | |
|---|---|---|---|
| **Задание 6.** | 1. Къагъуэтын хуей псалъэухар – *Лъагъуэм и гупэкIэ Iущащэу блэж псы кIантIэ цIыкIум Iут кхъуэжьей иным и щIагъ удзыпцIэм зы лIыжь гъур кIыхь гуэр, мащIэу дзапэ уэрэд щыжиIэу, щIэст.*<br>2. Подлежащэр – *лIыжь.* Сказуемэр – *щIэст.*<br>3. ПлъыфэцIэхэр – *кIантIэ, цIыкIу, ин, гъур, кIыхь.* | **1 балл** – за верно найденое предложение.<br>**1 балл** – за правильное определение подлежащего и сказуемого.<br>**1 балл** – за выделение всех прилагательных (отсутствие одного и более примеров – **0 баллов** за третий пункт). | **3 балла** |
| **Задание 7.** | *Гу-ры-фI-ы-гъуэ,*<br>*щI-и-гъэ-хуэбжь-а-щ*<br>Возможные примеры слов:<br>*зыгъэпсэху-гъуэ*<br>*зэхуэз-а-щ.* | **1 балл** – за правильный разбор слов с использованием общепринятых знаков для обозначения суффиксов (по **1 баллу** за каждое слово).<br>**1 балл** – за правильный разбор слов с использованием общепринятых знаков для обозначения префиксов. **2 балла** – за два верно приведённых примера (по **1 баллу** за каждый пример). | **5 баллов** |
| **Задание 8.** | ***ЕгъэкIэкIа*** [йэгъэкIэкIа]. В слове 7 букв и 8 звуков. В данном слове количество букв и звуков не совпадает, так как буква «е» даёт два звука.<br>***Кхъужьей*** [кхъуыжье]. В слове 4 буквы и 4 звука. В данном слове количество букв и звуков совпадают, так как не произносим в конце слова [й], но после первой буквы произносится звук [ы]. | За каждое правильное определение количества букв и звуков с полным правильным ответом **по 3 балла** | **6 баллов** |

| | | | |
|---|---|---|---|
| **Задание 9.** | *«Джэдумрэ дзыгъуэмрэ» урысыбзэ текстыр адыгэбзэкIэ зэдзэкI.*<br>Перевод текста «Кошка и мышка» на родной язык. | Каждое из 15 переведенных предложений текста оценивается по двум критериям, предполагающим получение конкретного количества баллов:<br>**1 балл** – адекватная передача содержания предложения из текста оригинала средствами языка перевода.<br>**0** - баллов – в случае наличия серьезного отклонения от содержания оригинала или неадекватной передачи содержания;<br>**1 балл** – выбор правильной формы передачи мысли в предложении на языке перевода (грамотное изложение, отсутствие ошибок).<br>**0** баллов – при неправильном выборе формы выражения мысли в предложении на языке перевода (наличии ошибок, допущении неточностей в формулировках на родном языке).<br>0 баллов – при непереведенном предложении. | **30 баллов** |
| **Задание 10.** | 1) *Тхыгъэр зытеухуамрэ и гупсысэ нэхъыщхьэмрэ, абы къыщыIэта Iуэхугъуэр (сыт авторым жиIэну зыхуеяр икIи ар дауэ къехъулIа?)* | 1) **6 баллов** – учащийся верно определяет тему, идею и проблематику произведения. Четко и | **30 баллов** |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | Определите тему и идею данного произведения, проблемы, затронутые в нём (что хотел сказать автор и как ему удалось это сделать?). | ясно выражает свое мнение.<br>4 балла – учащийся верно определяет тему и проблематику рассказа, но не смог определить идею произведения.<br>0 баллов – учащийся не может определить тему и идею произведения. | |
| | 2) *Тхыгъэм и сюжет пкъыгъуэхэр къэгъэлъагъуэ (экспозицэ, ублапIэ (завязка),* Iуэхум зезыгъэужь, *кульминацэ, ухыпIэр (развязкэ)).*<br>Определите основные элементы сюжетной линии рассказа (экспозиция, завязка, развитие действия, кульминация, развязка). | 2) **6 баллов** – логических ошибок в определении сюжетной схемы нет. Учащийся владеет литературоведческими понятиями и терминами. Речевые и стилистические ошибки отсутствуют. Цитаты и отсылки к тексту уместны.<br>4 балла – допущена одна логическая ошибка, имеется одно нарушение событийной линии произведения. Речь выразительна и разнообразна. Цитаты и отсылки к тексту уместны.<br>2 балла – допущено более одной логической ошибки, Учащийся допускает ошибки в использовании литературоведческих понятий. Цитаты и отсылки к тексту не всегда уместны.<br>0 баллов – основные элементы сюжетной линии не определены и | |

| | |
|---|---|
| | не описаны. |
| *3) Тхыгъэм къыхэщ образхэр гуэш (нэхъыщхьэхэр, зэзэмызэ фIэкI къыхэмыщхэр). Абыхэм характеристикэ ет: я хьэлкIэ, я зэхущытыкIэкIэ, щхьэхуэныгъэ ябгъэдэлъ елъытакIэ, я теплъэкIэ.* Разделите образы персонажей рассказа (главные, второстепенные или эпизодические образы) и дайте им характеристику: характеры, взаимоотношения между персонажами, типичность или уникальность персонажей, своеобразие созданного образа человека: портрет (лицо, фигура, костюм). | 3) **6 баллов** – дается достаточно полная характеристика героев, своеобразие их образов, особенности взаимоотношений раскрыты достаточно полно. Речевые ошибки отсутствуют. Цитаты и отсылки к тексту уместны. 4 балла – дается достаточно полная характеристика героев, своеобразие их образов, особенности взаимоотношений раскрыты достаточно полно. Допущена речевая ошибка. Цитаты и отсылки к тексту уместны. 2 балла – характеристика действующих лиц слишком общая, характер взаимоотношений между героями прозаического произведения раскрыт недостаточно. Наличествуют речевые ошибки. 0 баллов – образы действующих лиц (главных) и взаимоотношения между героями вообще не описаны или описаны с большим количеством |

| | |
|---|---|
| | речевых ошибок. |
| 4) *Сыт хуэдэ художественнэ Iэмалхэр къыщыгъэсэбэпа тхыгъэм? Сыт хуэдэ къалэнхэр абыхэм ягъэзащIэрэ?*<br>Какие художественные средства и приёмы создают особый эмоциональный фон рассказа? И какую функцию они выполняют в произведении? | 4) **6 баллов** – учащийся демонстрирует умение объяснить роль художественных средств в раскрытии идейно-эстетического содержания произведения и создании особого эмоционального фона рассказа. Учащийся владеет навыками использования литературоведческих понятий и терминов.<br>4 балла – в работе недостаточно полно раскрыта роль художественных средств в создании эмоционального фона рассказа. Учащийся допустил ошибку в употреблении литературоведческих понятий и терминов.<br>1 балл – учащийся представил элементы анализа по данному критерию, но не смог объяснить роль художественных средств в раскрытии идейно-эстетического содержания произведения и создании особого эмоционального фона рассказа. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | Учащийся не владеет литературоведческими понятиями и терминами. | |
| | 5) *Узэджа тхыгъэр къызэрыпщыхъуар тхы (Сыт хуэдэ гурыгъу-гурыщIэхэр уи гущIэм къыщигъэуша? Сытхэм урагъэгупсыса?).*<br>Выразите свое эмоционально-оценочное отношение к прочитанному (Какие чувства и эмоции вызывает рассказ? О чем заставляет задуматься?). | 5) **6 баллов** – учащийся демонстрирует полное понимание смысла произведения, понимание авторской позиции, умение выражать свои мысли, чувства и давать оценку прочитанному, отсутствуют речевые ошибки.<br>3 балла – учащийся достаточно хорошо понимает текст и умеет выражать эмоционально-оценочное отношение к прочитанному.<br>Допускает одну или две речевые ошибки в содержании ответа.<br>1 балл – учащийся не совсем понимает смысл произведения. Не может выразить эмоционально-оценочное отношение к прочитанному. | |

**Максимальный балл за всю работу (задания 1-10) – 100**

**ДЕМОНСТРАЦИОННЫЕ ЗАДАНИЯ ЗАКЛЮЧИТЕЛЬНОГО ЭТАПА**

**Северо-Восточной олимпиады школьников**
**по родным языкам (профиль – «Родной (кабардино-черкесский) язык и литература»)**

**10-11 КЛАССЫ**

**Задание 1.** *ПсалъэжьитI щапхъэу къэхь. Ахэр транскрипцэм тету тхы (къызэрупсэлъым хуэдэу).*

Подберите на родном языке две пословицы и дайте их звуковую транскрипцию.

**Максимальный балл – 4**.

| |
|---|
| ***Тхьэгъэзит Зубер и «Гъатхэмрэ хъыджэбзымрэ» усэм фыкъеджэ. Мы усэмкIэ 2–5 лэжьыгъэхэр вгъэзащIэ. Лэжьыгъэр зэрывгъэзэщIэн хуей щIыкIэм гу лъыфтэ.*** **Прочитайте стихотворение З. Тхагазитова «Весна и девушка». Выполните задания 2–5 по тексту стихотворения. Обратите внимание на указания, относящиеся к правилам выполнения этих заданий.** |

**Тхьэгъэзит З. «Гъатхэмрэ хъыджэбзымрэ»**

*Жьыбгъэм уафэр*
*КIуэху еукъэбз...*
*Жьыуэ къэхъеяуэ,*
*Гъатхэ губгъуэм*
*Итщ хъыджэбз,*
*И ишэгъуэ хъуауэ.*

*Пщащэм и нэ*
*И псэм* ***хуехь***
*Гъатхэм и дахагъэр.*
*Гъатхэм и нэ*
*И псэм хуехь*
*Пщащэм и дахагъэр.*

*Гъатхэ пасэ*
*КъэгуфIам*
*Пщащэр* ***хуогуфIэжыр****,*
*Жьыбгъэ щIасэ*
*Къеубзам*
*Бзэншэу йоубзэжыр.*

*Уафэ къащхъуэм*
*Пщащэр йоплъ:*
*«Абы и лъагагъыр!»*
*Хъыджэбз нащхъуэм*
*Уафэр къоплъ:*
*«Нэхэм я кууагъыр!»*

*Къурш щхьэ тхъуахэм*
*Пщащэр йоплъ:*
*«Ахэм я хужьагъыр!»*
*Хъыджэбз нэкIум*
*Бгыхэр къоплъ:*
*«Абы и къабзагъыр!»*

*Пщащэм жеIэ*
*«Нэкъулэн» –*
*Игу хыхьа уэрэдыр.*
*Бзум я макъкIэ*
*Къожьууж*
*Гъатхэр а уэрэдым.*

*А хъыджэбзым*
*И насыпщ*
*ЩIылъэм зэрытетыр,*
*Губгъуэ-анэм*
*И насыпщ*
*Пщащэр зэрытетыр.*

*ЗэхуогуфIэ,*
*Зэпапщыт*
*ТIуми яIэр фIыгъуэу.*
*Я дахагъэр*
*Зэралъыт*
*Зыр зым* ***емыфыгъуэу.***

*Сэри соплъ:*
*«Нэхъ дахэр хэт?»*
*Си щхьэм соупщIыжыр:*
*«Дара гъатхэр,*
*Пщащэр хэт?»*
*СфIызэхогъуэщэжыр.*

**Задание 2.** ***Хуехь, хуогуфIэж, емыфыгъуэу*** *псалъэхэр зэрызэхэт IыхьэкIэ зэпкърых. Ахэр зэпха псалъэхэр къэгъэлъагъуэ. Сыт хуэдэ псалъэ лъэпкъыгъуэм щыщми, япытхэ.*

Разберите по составу следующие слова из приведенного выше стихотворения: *хуехь, хуогуфIэж, емыфыгъуэу* обозначьте морфемы соответствующими знаками. Определите, с какими словами связаны и к каким частям речи относятся.

**Максимальный балл – 6.**

**Задание 3**. *Етхуанэ, еханэ, ебланэ, еянэ, ебгъуанэ строфахэм хэт псалъэхэу антоним, синоним къызыхуэбгъуэт хъунухэр тхы.*

Подберите все возможные синонимы и (или) антонимы к словам из пятой, шестой, седьмой, восьмой и девятой строфы стихотворения.

**Максимальный балл – 5.**

**Задание 4.** *Псалъэхэр зэрызэхэт IыхьэкIэ зэпкърых:* ***кIуэху, бзэншэу, нащхъуэм, тхъуахэм, дахагъэр, соупщIыжыр****. Я къэхъукIэ елъытакIэ гупурэ гуэш (лъабжьэрэ суффиксрэ; лъабжьэрэ префиксрэ; лъабжьэрэ префикс, суффикскIэрэ).*

Определите морфемный состав следующих слов из стихотворения: *кIуэху, бзэншэу, нащхъуэм, тхъуахэм, дахагъэр, соупщIыжыр*. Обозначьте морфемы соответствующими знаками. Сгруппируйте слова в зависимости от способа их образования.

**Максимальный балл – 5.**

***КIэрашэ Тембот «ГъащIэм и дерс» и рассказым щыщ Iыхьэм фыкъеджэ. Мы пычыгъуэмкIэ 5–7 лэжьыгъэхэр вгъэзащIэ. Лэжьыгъэр зэрывгъэзэщIэн хуей щIыкIэм гу лъыфтэ.***

**Прочитайте отрывок из рассказа Т. Керашева «Уроки жизни». Выполните задания 5–7 по тексту. Обратите внимание на указания, относящиеся к правилам выполнения этих заданий.**

*...Ди жылэ зэшитI дэст. ТIури зи ныбжь хэкIуэта бынунагъуэт. Си адэр нэхъыщIэт. Унагъуэм унафэщIыр, адыгэм зэрыдихабзэу, нэхъыжьырт – си адэ къуэшырт. Абы щыгъуэм ар илъэс хыщIым зэрынэхьэсат – цIыхур щIалагъэ–делагъэм хэкIыжу, зэрыжаIэу, и лIыжьыпIэ щитIысхьэж ныбжьым хыхьат. Ауэ си адэ къуэшым нэхъыжьыгъуэр иIыгъыу и лIыжь IэнатIэр хуэфащэу зэрихьэу щытами, лIыжьыфэ иумыплъыну къызэтенат,*

*Iуэху щIэнымкIэ и шынэхъыщIэми, сэ си адэм, иригъэхь щыIэтэкъым. Арати, зэшитIри лэжьэнкIэ емызэшыжу, ящIэни яшхыни ягъуэту щытащ.*

*Си адэ къуэшыр и щIалэгъуэм я нэхъ шу къекIуу зи цIэ ираIуэу жылэм дэсхэм ящыщт. Лыгъэрэ хахуагъэу абы щыгъуэм адыгэхэм ялъытэу щыта псори хэлът. А лъэхъэнэм иужькIэ си адэ къуэшым ныбжьэгъу-жэрэгъу куэд къыхуэнауэ иIащ, ахэр зэпымыуурэ хьэщIэ щымыщIэу щытт. Абы къыхэкIкIэ си адэ къуэшым и унагъуэри ди унагъуэри нэмысрэ щIыхьрэ нэхъ зыхуагъэфащэу жылэм дэсым ящыщт.*

*Езы си адэ къуэшми цIыхухэр апхуэдэу къызэрыхущытым ину пщIэ хуищIу, адыгэ хабзэми хьэщIэ гъэхьэщIэн Iуэхуми щIэбгъачэу имыдэу пхъашэт.*

*Моуэ тIэкIу щIалэ тыкъыр сызэрыхъуу, си адэ къуэш ябгэм и гъэсэныгъэ ткIийм сыщIэуващ. Лыгъэ зыхэлъхэм я нэхъ лIыр сэрауэ, адыгэцIэми нэхъ хуэфащэ сыхъуну, нэхъ быдагъэ схэлъыну, си зекIуэкIэкIи нэхъ сызыкIэлъыплъыжу, Iэдэбыгъи схэлъу сипIыну си адэ къуэшыр си яужь къихьащ, кIэщIу жыпIэмэ, цIыхум хэлъынкIэ нэхъыфIу адыгэм къалъытэ щэн псори къысхилъхьэну мурад ищIащ. Пэжыр вжесIэнщи, сэ си адэ къуэшыр зыхуейм хуэдэу, япэщIыкIэ сыкъыщIэкIащ.*

*Илъэс пщыкIутI нэхъ си мыныбжьу сэ адыгэ хабзэ къекIуэкIым тэмэму тету хьэщIэхэр къезгъэблагъэу сыхуежьащ: псынщIэу, нэгуфIэу куэбжэм деж сащыпежьэу, зызгъэлIу, хьэщIагъи яхуэсщIыфу, адыгэм жаIэ хабзэ «къеблагъэр» къекIуу яжесIэу, лъэрыгъ ижьырабгъумрэ шхуэIумрэ нэхъыжьым хуэзубыду къызэрезгъэпсыхынур, псынщIэу шыхэр шэщым сшэуэ къэзгъэзэжу, хьэщIэщым ахэр щIэсшэу я къамышырэ я щыгъын щIыIутелърэ къазэреIысхынур, хьэщIэхэм я нэхъыжьым нэхъапэ гу зэрылъыстэну нэмысыр – а псори сщIэрт. Iэщэ–фащэу хьэщIэхэм къызыпщIэхахыр хьэщIэщ блыным хэукIа пылъапIэхэм зэрыпыслъэну щIыкIэми сыщыгъуазэт. А псори згъэзэщIа нэужь, къытезгъэзэжырт, си щIалагъэм емылъытауэ, си щхьи слъытэжу, адрейхэми хьэщIагъэ есхыу, хьэщIэхэр зыхуей псори згъэзэщIэну сыхьэзыру, жыхапхъэм хуэдэу, бжэ къуагъым сыкъуэувэжыным сыхуэIэзэт.*

*ГурыIуэгъуэт егугъуу си адэ къуэшым шы зешэкIэкIи шы тесыкIэ хабзэкIи сызэригъэсар. СыцIыкIу дыдэу адыгэ фащэ щызагъэтIагъэу къаублат. ЩIалэ тыкъыр сыщыхъуам, сысейуэ шы-уанэ зэтелъ сиIащ, уанэм нэмыщIкIэ шым кIэралъхьэ Iэпслъэпсхэри щIэрыпсу щIыгъуу...*

*Ауэ сабиигъуэм нэхъ щифIыгъуэ, щиIэфIыгъуэр сэ згъэунэхуакъым, ар зыхуэдэри сщIэркъым: хуиту сыджэгуну, хабзэм зыгуэркIэ себакъуэу зызгъэнщIыху шууэ къэзжыхьыну хуитыныгъэ сиIакъым. СыщыцIыкIум къыщыщIэдзауэ апхуэдэ сабий гуфIэгъуэхэм сыхэнырт. Псалъэм папщIэ, къуажэ кIуэцIым шууэ ущызежэныр зэриемыкIур сэ сызэрыцIыкIу лъандэрэ къызгурыIуауэ сщIэрт. Шым сытесу сыкIуэурэ нэхъыжьхэм ящыщ зыгуэркIэ къызэупщIамэ, сызэрыхущытын хуейри сщIэрт: узэрытесу жэуап ептыжыным алыхьым ущихъумэ, шыр IумпIэкIэ пIыгъыу убгъэдыхьэу, Iэдэбу жэуапыр ептын хуейт. СыщыцIыкIум апхуэдэу адыгагъэшхуэ зесхьэу*

*зылъэгъуахэм ягъэщIагъуэу, нэфIкIэ къыщыскIэлъыплъкIэ, ар си гуапэт, сигу хигъахъуэрт.*

*Иджырей сабийхэр сыт щыгъуи зыхэт еджэн, гъэсэн Iуэхухэр дэ абы щыгъуэ диIакъым. Абы щыгъуэ сабийхэр зи яужь иту щытар уэрамым е пщIантIэм щыджэгунырт. Ауэ сэ уэрам техьэным, си ныбжьэгъу цIыкIухэм садэджэгуным сыпагъэкIауэ щытащ. Ди хьэщIэщыр хьэщIэ щымыщIэу зэрыщытым къыхэкIкIэ, сэ си махуи си жэщи а хьэщIэщым епхауэ есхьэкIырт.*

*ХьэщIэщ кIуэцIым хабзэшхуэ щызекIуэрт. Си пкъыр езэшмэ, зызэщIэзгъэлалэу хуэмыхуагъкIэ зыкъезгъэщIэну сыхуита! IэфракIэкIэ зыгуэрым зытезгъэщIэну сыхуита! Хьэуэ, ар хъуххэнутэкъым. Абы щыгъуэм си адэ къуэшыр сыт хуэдэу нэ IейкIэ къызэплърэт! Щысхэми «щIалэ хуэмыху» къыпхужаIэн къудейр, губгъэну, жагъуэ-жагъуэу къызэроплъу щытар фэ фщIэрэт! Апхуэдэ губгъэн къэсхьын нэхърэ сылIэныр нэхъ къэсщтэнти!*

*СиувыкIауэ сыщыту, сыпкъылалэу гурыщхъуэ зыхуезмыгъэщIу, нэхъыжьхэм жаIэм щыщу зы псалъэ дэзмыгъэхуу седаIуэу, Iуэхутхьэбзэ яхуэсщIэр псынщIэу, жану, Iущу згъэзэщIэным сыхуэхьэзыру, лIы хуэдэщ, жезгъэIэу сащхьэщытын хуейт. Къыщыхьу щыIэт: жылэ гъунэгъум щыщу хьэщIэхэм я ныбжьэгъу е я нэIуасэ гуэр ягу къэкIыжу, ялъагъумэ, зэрагуапэр щыжаIэ. Си адэ къуэшыр нэкIэ къызэупщIу къызоплъ: «УкIуэу а лIыр къэбгъэсыфын?» Сэ ар схуэмыщIэмэ, сытым сыщыщ! А зы дакъикъэм шым уанэ тызолъхьэ, зызодзри сожьэ, щIымахуэ жэщыбг уаем си псэр дзапэкIэ сIыгъыу сышынэу сокIуэр сэ абы. НэгъуэщI Iэмал щыIэжтэкъым, шынэкъэрабгъэ зыфIезгъэщ хъунутэкъым. ЛIы хуэдэу ущытын хуейт.*

*Апхуэдэу цIыхугъэм, лIыгъэм – лIы хуэдэу убланэу, ужану, улIыхъуужьу, пэжыр жыпIэу, емыкIу къомыхьу узэрыщытыну щIыкIэхэр си адэ къуэшым быдэу къыспкъригъэхьати, абыхэм семылъэпэуэн папщIэ, сыщыту зызгъэлIэнт.*

*Губгъуэ лэжьыгъэ махуэхэми зэрыхъуу щытар апхуэдэ къабзэут: лIыгъэ хэлъкъым, хуэмыхущ жезмыгъэIэн папщIэ, сызыщымысхьыжу нэхъыжьхэм сапеуэу сылажьэрт. СлъэмыкIыжIауэ сызэрешам нэхъыжьхэм гу къылъатэу, сыкIуэу зызгъэпсэхуну къыщызжаIэкIэ, сэ ар щхьэжэшхуэ схуэхъурт. Нэхъыжьхэм нэхърэ сынэхъ лъэрымыхьу сызэрыщымытыр белджылы ящысщIын папщIэ, ерыщу Iуэхум сыбгъэдэувэрти, лIы хуэдэу бэшэчу зыкъэзгъэлъагъуэрт.*

*Апхуэдэу махуэм дылэжьауэ губгъуэм дыкъикIыжа иужьи, нэхъыжьхэм загъэпсэхуну тыншу щыгъуэлъыжкIэ, сэ шыхэр шыхэпщ сшэрт. Абыи жэщ псор, щIагъуэ сымыжейуэ, сыплъыру щесхьэкIырт. ЩIалэм апхуэдэу лIыгъэ, быдагъэ хэлъын хуейуэ адыгэхэм ялъытэрт. Сэри зэрыслъэкIкIэ абы сыбгъэдэтт.*

*Куэд дэмыкIыу си хъыбар жылэм хахьауэ ирипсалъэхэу щIадзащ: «Сыту щIалэ жыIэщIэ, гъэса, лIыгъэ зыхэлъ! Абы лIы къыхэкIынщ!» Сэри ахэр щызэхэсхкIэ, нэхъри нэхъ щIалэфIыж сыхъуным сыхущIэкъурт.*

*Шэч хэлъкъым, щIалэр апхуэдэу, лIыгъэ хэлъу, гугъуехькIэ псыхьыным фIыгъэшхуэ зэриIэм. Си адэ къуэшым апхуэдэу ткIийуэ сызэриIыгъам и фIыгъэ кIуэтэху къэс нэхъ зыхэсщIэрт: цIыхур цIыхун хуейщ, щхьэхынэу, хуэмыхуу щытын хуейкъым. ЦIыхухъум лIыгъи цIыхугъи хэлъын хуейщ, и щхьэ илъытэжу, нэгъуэщIми гулъытэу яхуищIынур ищIэу щытын хуейщ. Апхуэдэ гъэсэкIэр щIалэгъуалэм я дежкIэ сэбэпу къысщохъу иджыри къэс. Си адэ къуэшри абыкIэ щыуэртэкъым.*

**Задание 5.** *Пычыгъуэ къэхьам къыхэтхыкI: 1) Унагъуэр зыхуэчэм щымыIэу зэрыпсэур къэзыгъэлъагъуэ фразеологизмэр къэгъуэт; 2) «НэфIкIэ къыщыкIэлъыплъкIэ» сыт хуэдэ гурыгъу-гурыщIэ игъуэтрэт щIалэм? 3) «НэфIкIэ къыщыкIэлъыплъын» фразеологизмэм и антонимыр къыхэгъуатэ. 4) ЩIалэ цIыкIур зэрышынэр къэзыгъэлъагъуэ фразеологизмэр къэгъуэт.*

Выпишите из представленного выше отрывка текста фразеологизмы: 1) указывающий на «достаток в семье»; 2) определяющий состояние мальчика, когда за ним наблюдали люди; 3) антоним к фразеологизму «смотреть добрым взглядом»; 4) выражающий страх мальчика.

**Максимальный балл – 4.**

**Задание 6.** *Псалъэуха зэхэлъыр сыт хуэдэ лIэужьыгъуэми тхы. Сыт хуэдэ Iыхьэхэурэ зэхэт? Сыт хуэдэ зэпыщIэныгъэ яIэ?*

Укажите вид сложного предложения, определите, из скольких частей оно состоит, назовите способы и средства связи между ними.

*А лъэхъэнэм иужькIэ си адэ къуэшым ныбжьэгъу-жэрэгъу куэд къыхуэнауэ иIащ, ахэр зэпымыууэ хьэщIэ щымыщIэу щытт.*

**Максимальный балл – 5.**

**Задание 7.** *КIэрашэ Т. и «ГъащIэм и дерс» тхыгъэм ехьэлIа эссе тхы (псалъэухи 10-15 хуэдиз). Темэр: «Адыгагъэр гъэсэныгъэм и еджапIэщ». Эссем и щIэдзапIэм ар зытеухуар щывубзыху. Текстыр тегъэщIапIэ фщIыурэ ар вгъэбелджылы. А Iуэхугъуэм ехьэлIауэ фэ езым фиIэ Iуэху еплъыкIэр къэвгъэлъагъуэ. Лэжьыгъэр зэпхауэ, щыуагъэ хэмыту щытын хуейщ.*

Напишите эссе из 10-15 предложений по произведению Т. Керашева «Уроки жизни» на тему «Адыгагъэр гъэсэныгъэм и еджапIэщ». В эссе вы должны вначале сформулировать проблему. Опираясь на исходный текст, поясните это, приводя примеры. Выразите свою собственную позицию по указанной проблеме. Работа должна характеризоваться смысловой цельностью, связностью и последовательностью изложения, не содержать ошибок.

**Максимальный балл – 15.**

**Задание 8.** *Текстыр адыгэбзэкIэ зэдзэкI. Псалъэухахэм я купщIэхэр умыгъэкIуэд.*

Переведите текст с русского языка на родной. Обратите особое внимание на адекватность передачи содержания текста оригинала и правильность выбора формы выражения мысли на родном языке в каждом переведенном предложении.

ВОЛК

*Волк - это дикое животное. Живут они около десяти лет. Эти животные могут весить около 80 килограммов. Издалека волка можно перепутать с собакой. Но у него есть одно главное отличие - хвост. Он у волка всегда прямой и опущен книзу. Волк в отличие от собаки суров. Живут волки обычно семьей, а зимой объединяются в большие стаи. А с приходом весны эти стаи распадаются. Охотятся волки как на крупных животных, таких как кабан, косуля, так и мелких, например, зайцев, мышей. К сожалению, в настоящее время волки находятся под угрозой исчезновения, так как их уничтожают во время охоты, либо при защите домашнего скота. Но необходимо помнить о том, что волк является самым главным санитаром природы. Он убивает больных и умирающих животных. Лишив жизни волка, человек рискует погибнуть сам. Давайте беречь живую природу и ее обитателей!*

**Максимальный балл –30.**

**Задание 9.** *КIыщокъуэ Алим и усэм фыкъеджэ. Тропхэмрэ стиль пкъыгъуэхэмрэ къыхэфтхыкIи сыт хуэдэ художественнэ Iэмал лIэужьыгъуэми къэфхутэ, абыхэм ящыщ дэтхэнэми усэм щигъэзащIэ къалэныр зэпкърыфх.*

Прочитайте стихотворение Алима Кешокова на кабардино-черкесском языке. Выпишите тропы и стилистические фигуры и укажите вид изобразительно-выразительного средства. Поясните, какую функцию выполняет каждый из них в лирическом произведении.

Усэ къарукIэ бийр бгъэсу
Лъагъуэ насыпым хуэпщIат,
Уигу щыплъэм уи Iэр нэмысу
ХэщIапIэ дэнэ щыпщIа?

И кIэм нэмысу уэрэдыр

Дыщэ бжьамийри пкъута?
Лъым ила стиххэр ныкъуэтхыу
Бийм фIэауану къищта?

Зи адэ лIа щIалэу слъэмыкIыу
Уэ уи кIуэдыпIэр согъей.
Нэпс пщтырхэр щIагъэкIыу
Хъуащ къуэшхэр нэщхъей.

Нэпс Сэтэнейми и мащIэщ,
Уэ уигъеину лъэмыкI,
УэркIэ ныбжьэгъухэр гумащIэщ,
Я гум зы махуэ уимыкI.

Нарт и кIуэдыкIэр пхуэфащэт
Ер уэ уи натIэ щыхъуам,
СщIэркъым и гъуэгур уи мащэм,
СщIэркъым гуIэпIэ пхуэхъуар.

Бгырыс бгъэ лъэщыр мылъатэм,
Дамэр къутащи ешэщI,
Усэр зыгъэIур мыпсалъэм,
НэпскIэ гуIэгъуэр етхьэщI.

ЗауапIэм лъыр пщIэжу уизгъуатэм,
ФIыцIэу си щIакIуэр птеспхъуэнт,
Си пкъым къинари зы джанэм,
УIэгъэр спхэну счэтхъэнт.

Уи гузэвапIэр сэ сщIатэм,
Алъп къарэ жэрыр нэсшэнт,
Уэ ущышэскIэ шыр ятэм,
Лъапэр лъэрыгъым хуэсшэнт.

Уи лъэрыгъыпсыр сэ сIыгъыу,
Шым сыдэжэни слъэкIынт,
Уэ усхъумэныр нэрыгъыу,
Сыт и гугъуехьи сшэчынт.

(Текст приводится с сохранением авторской орфографии и пунктуации).

**Максимальный балл – 6.**

**Задание 10.** *Прозэу тхауэ узэджа тхыгъэ гуэрым тепсэлъыхь. Уи лэжьыгъэр текст псоуэ зэпыщӀауэ щытын хуейщ, и инагъкӀэ псалъэ 200-250 хуэдиз хъууэ. Мы планым утемыкӀ.*

Выполните целостный анализ прозаического произведения на родном языке по предложенному плану. Ваша работа должна представлять собой цельный, связный, завершённый текст на родном языке. Рекомендуемый объём – 200–250 слов.

1) *Тхыгъэр зытеухуар, и гупсысэ нэхъыщхьэр, къыщыӀэта Ӏуэхугъуэр къэфхутэ. Тхыгъэм и фӀэщыгъэцӀэр тхак1уэм щ1ыф1ищар фтхы.*
   Определите тему, идею и проблематику данного произведения, объясните смысл названия рассказа.
2) *Тхыгъэм и сюжет пкъыгъуэхэр къэгъэлъагъуэ (экспозицэ, ублапӀэ (завязка), Ӏуэхум зезыгъэуэжь, кульминацэ, ухыпӀэр (развязкэ)).*
   Определите основные элементы сюжетной линии рассказа (экспозиция, завязка, развитие действия, кульминация, развязка).
3) *Тхыгъэм къыхэщ образхэр зэщхьэщывгъэк1 (нэхъыщхьэхэр, зэзэмызэ фӀэкӀ къыхэмыщхэр). Абыхэм характеристикэ ефт: я хьэлкӀэ, я зэхущытыкӀэкӀэ, щхьэхуэныгъэ ябгъэдэлъ елъытакӀэ, я теплъэкӀэ.*
   Разделите образы персонажей рассказа (главные, второстепенные или эпизодические образы) и дайте им характеристику: характеры, взаимоотношения между персонажами, типичность или уникальность персонажей, своеобразие созданного образа человека: портрет (лицо, фигура, костюм).
4) *ТхакӀуэр тхыгъэм къыщыхъу Ӏуэхугъуэхэм, хэт лӀыхъужьхэм, абыхэм я ӀуэхущӀафэхэм зэрыхущытыр къэвгъэлъагъуэ.*
   Авторское отношение к событиям, героям и их поступкам.
5) *Сыт хуэдэ художественнэ Ӏэмалхэр къыщыгъэсэбэпа тхыгъэм? Сыт хуэдэ къалэнхэр абыхэм ягъэзащӀэрэ?*
   Какие художественные средства и приёмы создают особый эмоциональный фон рассказа? И какую функцию они выполняют в произведении?
6) *НэгъуэщӀ тхакӀуэхэм а лъэхъэнэм ятхахэм я сатырым фызытепсэлъыхь тхыгъэм щиубыд увыпӀэр къэфхутэ икӀи ди зэманым и нэщэнэ къыхэщхэр вгъэбелджылы.*
   Определите место данного произведения среди произведений других авторов, написанных в этот период и дайте оценку произведения в контексте современного прочтения.
7) *Фызэджа тхыгъэм хувиӀэ хъуа щытыкӀэр фтхы.*
   Выразите свое эмоционально-оценочное отношение к прочитанному.

**Максимальный балл – 20 баллов.**

## Система и критерии оценивания

| № задания | Правильные ответы | Критерии оценивания | Баллы |
|---|---|---|---|
| **Задание 1.** | ***Щапхъэ***: *Насыпыр щагуэшыр пщэдджыжьырщ* [*Нэсыпыр щагуэшыр пщэджыжьырщ*] | **2 балла** – за пословицы (по 1 баллу за каждую).<br>**2 балла** – за правильное транскрибирование пословиц (по 1 баллу за каждую). | **4 балла** |
| **Задание 2.** | ***1. Ху-е-хь; ху-о-гуфI-э-ж; е-мы-фыгъу-э-у;***<br>**2.** *Псэм хуехь; пщащэр хуогуфIэж; зыр зым емыфыгъуэу.*<br>**3.** *Глагол; глагол; деепричастие.* | **3 балла –** за правильный морфемный разбор слов (по 1 баллу за каждое слово). Если в морфемном анализе допущена ошибка, 1 балл за данное слово снимается;<br>**1,5 балла** – за правильное определение сочетания.<br>**1,5 балла** – за правильное определение частей речи (по 0,5 балла за каждый правильный ответ). | **6 баллов** |
| **Задание 3.** | 1. Антонимхэр: *хужьагъ – фIыцIагъ.*<br>2. Антонимхэр: *къабзагъ – фIеягъ.*<br>3. Антонимхэр *дахагъ – Iеягъ.*<br>4. Синонимхэр: *игу хыхьа – дэзыхьэха.*<br>5. Пара антонимов: *зэпапщыт – зэпалъыт.*<br>НэгъуэщI зэгуэгъухэри къыхэкIынущ, ауэ нэхъыбэ ятх щхьэкIэ, бжыгъэм гъэувын хуейуэ яубзыхуа балл бжыгъэм щIигъу | **1 балл** – за каждую правильно приведенную пару синонимов или антонимов (их максимальное значение 5). | **5 баллов** |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | хъунукъым. | | |
| **Задание 4.** | *1. КIуэ-ху, бзэ-ншэ-у, на-щхъуэ-м, тхъу-а-хэ-м, даха-гъэ-р, с-о-упщI-ы-ж-ы-р;*<br>Гупхэр:<br>1. Лъабжьэрэ суффиксрэ: *кIуэху, бзэншэу, тхъуахэм, дахагъэр.*<br>2. Лъабжьэ, префикс, суффикс: *с-о-упщI-ы-ж-ы-р.* | **3 балла** – за правильно указанные способы образования слов (по 0,5 балла за слово).<br>**1 балл** – за правильно составленную группу слов, образованных суффиксальным способом.<br>**1 балл** – за правильно определенное слово способом сложения префикса, корня, суффикса. | **5 баллов** |
| **Задание 5.** | 1) *Ящэни яшхыни ягъуэту*;<br>2) *Сигу хигъахъуэрт*;<br>3) *Нэ IейкIэ къызэплъын*;<br>1) *Си псэр дзапэкIэ сIыгъыу.* | **1 балл** – за каждый правильно указанный фразеологизм. | **4 балла** |
| **Задание 6.** | *А лъэхъэнэм иужькIэ си адэ къуэшым ныбжьэгъу – жэрэгъу куэд къыхуэнауэ иIащ, ахэр зэпымыуэ хьэщIэ щымыщIэу щытт.*<br><br>– Псалъэухар союзыншэ псалъэуха зэхэлъщ. IыхьитI мэхъу.<br>Япэ Iыхьэр - *А лъэхъэнэм иужькIэ си адэ къуэшым ныбжьэгъу-жэрэгъу куэд къыхуэнауэ иIащ.*<br>ЕтIуанэ Iыхьэр - *ахэр зэпымыуэ хьэщIэ щымыщIэу щытт.*<br>ПсалъэухаитIыр союз, союз-суффикс, союз псалъэ мыхъуу, я къэпсэлъыкIэ къудейкIэ зэхэлъу аращ. | **1 балл** – за правильное определение вида сложного предложения.<br>**1 балл** – за правильное выделение частей многокомпонентного сложносочинённого предложения.<br>**2 балла** – за правильное определение способов связи частей многокомпонентного сложносочинённого предложения.<br>**1 балл** – за правильное определение средств связи между частями многокомпонентного сложноподчинённого предложения. | **5 баллов** |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | | |
| **Задание 7.** | Тема эссе выбирается разработчиками самостоятельно в соответствии с содержанием приводимого текста. | **2 балла** – проблема сформулирована верно; 0 баллов – сформулирована неверно или не сформулирована.<br>**3 балла** – имеется комментарий с опорой на исходный текст;<br>2 балла – имеется комментарий, но примеры из прочитанного текста не приведены; 0 баллов – комментарий с опорой на исходный текст отсутствует.<br>**3 балла** – отражена позиция автора по указанной проблеме; 0 баллов – позиция автора не сформулирована.<br>**4 балла** – работа характеризуется смысловой цельностью, связностью и последовательностью изложения;<br>1 балл – в работе просматривается коммуникативный замысел, но допущено более двух логических ошибок.<br>**4 балла** – орфографические, пунктуационные, грамматические и речевые нормы соблюдены; 2 балла – допущены 3-4 ошибки; 0 баллов – допущено 5 и | **15 баллов** |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | более ошибок. | |
| **Задание 8.** | *Текстыр адыгэбзэкIэ зэдзэкI. Псалъэухахэм я купщIэхэр умыгъэкIуэд.*<br>Перевод текста «Волк» на родной язык | Каждое из 15 переведенных предложений текста оценивается по двум критериям, предполагающим получение конкретного количества баллов:<br>**1 балл** – адекватная передача содержания предложения из текста оригинала средствами языка перевода**.**<br>0 баллов – в случае наличия серьезного отклонения от содержания оригинала или неадекватной передачи содержания;<br>1 балл – выбор правильной формы передачи мысли в предложении на языке перевода (грамотное изложение, отсутствие ошибок). 0 баллов – при неправильном выборе формы выражения мысли в предложении на языке перевода (наличии ошибок, допущении неточностей в формулировках на родном языке).<br>0 баллов – при непереведенном предложении. | **30 баллов** |
| **Задание 9.** | **Тропы**<br>*И кIэм нэмысу уэрэдыр*<br>*Дыщэ бжьамийри пкъута?* – аллегорие. Иносказательное | **Определение тропов и стилистических фигур.**<br>**3 балла** – учащийся выписал из текста все | **6 баллов** |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | изображение отвлеченного понятия при помощи конкретного явления действительности, признаки которого помогают ярче представить это понятие, его основные черты. Не допев песню, сломал золотую свирель? *дыщэ бжьэмийри* – метафора, золотая свирель; *Зи адэ лIа щIалэу, слъэмыкIыу* – зэгъэпщэныгъэ (сравнение), как сын, потерявший отца; *нэпс пщтырхэр* – эпитет, горячие слезы; *Нэпс Сэтэнейми и мащIэщ Уэ уигъеиныр лъэмыкI* – егъэлеиныгъэ (гиперболэ), у Сатаней слез не хватить, чтобы тебя оплакивать тебя; *бгъэ лъэщыр* – эпитет, могучий орел; *фIыцIэу си щIакIуэр* – эпитет, черная моя бурка; *алъп къарэ жэрыр* – эпитет, резвый вороной конь<br>**Стилистическая фигура.**<br>*«Бгырыс бгъэ лъэщыр мылъатэм<br>Дамэр къутащи ешэщI.<br>Усэр зыгъэIур мыпсалъэм<br>НэпскIэ уIэгъэр етхьэщI»* – параллелизм. Параллелизм представляет собой расположение тождественных или сходных по грамматической и семантической структуре элементов речи в смежных частях речи, создающих единый поэтический образ, в данном случае выражает способность песни быть | использованные в лирическом произведении тропы и стилистические фигуры.<br>2 балла – учащийся выписал из текста не все средства художественной выразительности. 0 баллов – учащийся не нашел в тексте ни одного средства выразительности.<br><br>**Пояснение тропов и стилистических фигур.**<br>3 **балла** – учащийся правильно пояснил, в чем заключается их суть каждого тропа или фигуры речи.<br>2 балла – учащийся смог пояснить суть не всех найденных в тексте художественных средств.<br>0 баллов – учащийся не пояснил суть найденных в тексте тропов и стилистических фигур. | |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | полезной в любой ситуации. | | |
| **Задание 10.** | *1) Тхыгъэр зытеухуар, и гупсысэ нэхъыщхьэр, къыщыIэта Iуэхугъуэр къэфхутэ. Тхыгъэм и фIэщыгъэцIэр тхакIуэм щIыф1ищар фтхы.*<br>Определите тему, идею и проблематику данного произведения, объясните смысл названия рассказа. | 1) **3 балла** – учащийся верно определяет тему, идею и проблематику произведения. Четко и ясно объясняет смысл названия произведения**.**<br>2 балла – учащийся верно определяет тему, идею и проблематику рассказа, но не смог объяснить смысл названия произведения.<br>0 баллов – учащийся не может определить тему, идею и проблематику произведения, не может объяснить смысл названия произведения. | **20 баллов** |
| | 2) *Тхыгъэм и сюжет пкъыгъуэхэр къэгъэлъагъуэ (экспозицэ, ублапIэ (завязка), Iуэхум зезыгъэужь, кульминацэ, ухыпIэр (развязкэ)).*<br>Определите основные элементы сюжетной линии рассказа (экспозиция, завязка, развитие действия, кульминация, развязка). | 2) **3 балла** – учащийся показал понимание авторской позиции к событиям, героям и их поступкам**.** 2 балла – учащийся испытывает затруднения с анализом авторской позиции, есть 1-2 речевые и логические ошибки.<br>0 баллов – учащийся не смог сформулировать авторскую позицию. | |

| | |
|---|---|
| 3) *Тхыгъэм къыхэщ образхэр зэщхьэщывгъэк1 (нэхъыщхьэхэр, зэзэмызэ фІэкІ къыхэмыщхэр). Абыхэм характеристикэ ефт: я хьэлкІэ, я зэхущытыкІэкІэ, щхьэхуэныгъэ ябгъэдэлъ елъытакІэ, я теплъэкІэ.*<br>Разделите образы персонажей рассказа (главные, второстепенные или эпизодические образы) и дайте им характеристику: характеры, взаимоотношения между персонажами, типичность или уникальность персонажей, своеобразие созданного образа человека: портрет (лицо, фигура, костюм). | 3) **3 балла** – логических ошибок в определении основных элементов сюжетной линии нет. Учащийся владеет литературоведческими понятиями и терминами. Речевые ошибки отсутствуют. Цитаты и отсылки к тексту уместны.<br>2 балла – допущена одна ошибка в определении основных элементов сюжетной линии. Цитаты и отсылки к тексту уместны.<br>1 балл – допущено более одной ошибки, учащийся допускает ошибки в использовании литературоведческих понятий. Цитаты и отсылки к тексту не всегда уместны.<br>0 баллов – сюжетная схема не определена и не описана. |
| 4) *ТхакІуэр тхыгъэм къыщыхъу Іуэхугъуэхэм, хэт лІыхъужьхэм, абыхэм я ІуэхущІафэхэм зэрыхущытыр къэвгъэлъагъуэ.*<br>Авторское отношение к событиям, героям и их поступкам. | 4) **3 балла** – дается достаточно полная характеристика героев, своеобразие их образов, особенности взаимоотношений раскрыты достаточно полно. Речевые и |

| | |
|---|---|
| | стилистические ошибки отсутствуют. Цитаты и отсылки к тексту уместны.<br>2 балла – дается достаточно полная характеристика героев, допущена речевая ошибка.<br>1 балл – характеристика действующих лиц слишком общая, характер взаимоотношений между героями прозаического произведения раскрыт недостаточно.<br>0 баллов – образы действующих лиц (главных) и взаимоотношения между героями вообще не описаны или описаны с большим количеством речевых ошибок. |
| 5) *Сыт хуэдэ художественнэ Iэмалхэр къыщыгъэсэбэпа тхыгъэм? Сыт хуэдэ къалэнхэр абыхэм ягъэзащIэрэ?*<br>Какие художественные средства и приёмы создают особый эмоциональный фон рассказа? И какую функцию они выполняют в произведении? | 5) **3 балла** – учащийся верно определяет вид художественных средств и демонстрирует умение объяснить их роль в раскрытии идейно-эстетического содержания произведения и создании особого эмоционального фона рассказа. Учащийся владеет навыками использования литературоведческих понятий и терминов.<br>2 балла – в работе недостаточно полно раскрыта роль художественных средств в создании эмоционального фона рассказа, допущена |

| | |
|---|---|
| | одна ошибка в определении вида художественного средства. Учащийся допустил ошибку в употреблении литературоведческих понятий и терминов.<br>0 баллов – учащийся не смог объяснить роль художественных средств в раскрытии идейноэстетического содержания произведения и создании особого эмоционального фона рассказа.<br>Учащийся не владеет литературоведческими понятиями и терминами. |
| 6) *НэгъуэщI тхакIуэхэм а лъэхъэнэм ятхахэм я сатырхэм фызытепсэлъыхь тхыгъэм щиубыд увыпIэр къэфхутэ икIи ди зэманым и нэщэнэ къыхэщхэр вгъэбелджылы.*<br>Определите место данного произведения среди произведений других авторов, написанных в этот период и дайте оценку произведения в контексте современного прочтения. | 6) **2 балла** – учащийся показал знание историко-литературного контекста: использует литературно-исторические факты и фоновый материал из области культуры и литературы, отсутствуют фактические ошибки. 1 балл – учащийся недостаточно хорошо знает историко-литературный контекст, допускает одну или две фактические ошибки. 0 баллов – Учащийся не может интерпретировать произведение в литературно-историческом контексте. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | *7) Фызэджа тхыгъэм хуэвиIэ хъуа щытыкIэр фтхы.*<br>Выразите свое эмоционально-оценочное отношение к прочитанному. | 7) **3 балла** – учащийся демонстрирует умение выражать свои мысли, чувства и давать оценку прочитанному, отсутствуют речевые ошибки**.** 2 балла – учащийся достаточно хорошо выражает эмоционально-<br>оценочное отношение к прочитанному, но допускает одну или две речевые ошибки в содержании ответа.<br>0 баллов – учащийся не может выразить эмоциональнооценочное отношение к прочитанному. | |

**Максимальный балл за всю работу (задания 1-10) – 100**